



N AP VOYE YON DOKIMAN TAKS ENPÒTAN POU OU

Ou menm oswa yon fanmi ou te enskri nan asirans sante men pa te resevwa èd pou peye li pou on pati oswa pou tout ane 2024 lan epi ou ka bezwen fòm sa a pou deklarasyon taks federal ou

Oumenm oswa manm fanmi ou te gen asirans sante avèk NY State of Health nan ane 2024 lan men ou pa t resevwa èd pou peye li nan kèk mwa oswa nan tout mwa ane 2024 lan. Selon revni ou, ou ka toujou kapab resevwa èd finansyè nan peryòd taks la. Èd la ap vini sou fòm yon kredi taks (ki rele tou Kredi Taks pou Pèman Asirans oswa PTC (Premium Tax Credit)) ki kapab ogmante ranbousman ou oswa diminye kantite lajan taks ou dwe pou taks federal sou revni ou pou ane 2024.

Lè ou ranpli fòm deklarasyon taks federal sou revni ou, itilize Fòm IRS 8962 pou detèmine si ou kapab resevwa èd sa a. Ou kapab jwenn Fòm 8962 sou sitwèb www.irs.gov.

MEN KI JAN POU JWENN ÈD LA Lè ou ranpli fòm deklarasyon taks federal ou, ranpli Fòm IRS 8962 avèk Fòm 1095-A ak Tablo Pèman asirans ki vin ak dokiman sa. Fòm IRS 8962 ap fè ou konnen ki kantite èd ou kapab resevwa.

LI ENPÒTAN POU OU POU KONNEN...

POU KI SA OU KA JWENN LÒT FÒM YO

W ap resevwa yon Fòm 1095-A pou chak plan sante Bwonz, Ajan, Lò oswa Platin ou menm oswa yon manm fanmi ou te enskri pou li pandan 2024. Ou pral jwenn plis pase yon Fòm 1095-A si ou te gen chanjman nan asirans NY State of Health ou a pandan 2024. Yo pa voye Fòm 1095-A pou plan Katastwòfik oswa pou Medicaid, pou Child Health Plus, oswa pou Essential Plan paske plan sa yo pa kalifye pou kredi taks.

Anplis Fòm 1095-A, li posib pou ou jwenn lòt fòm taks enpòtan. Fòm sa yo se Fòm 1095-B ak Fòm 1095-C.

Si ou menm
oswa yon
manm fanmi ou
te enskri nan
Medicaid, nan
Child Health
Plus, oswa nan
Essential Plan
nan New York
nan yon moman

pandan ane 2024 a, w ap resevwa Fòm 1095-B a nan bwat pou resevwa mesaj nan NY State of Health ou a. Ou ka mande Fòm 1095-B a tou nan Depatman Sante Eta New York la lè w rele nan 1-800-541-2831 oubyen lè w voye yon Imèl nan 1095B@health.ny.gov. Si ou te enskri nan lòt tip asirans yo tankou , Catastrophic plan, Medicare Pati A oubyen pati C, TRICARE, avantaj nan Depatman Afè Ansyen Militè (Department of Veterans Affairs) oubyen sèten asirans sante patwon ou patwone – ou ka resevwa Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C a lòt kote.

FASON OU Si ou panse nou te fè yon erè sou Fòm 1095-A ou a, rele NY State of Health **KAPAB JWENN san pèdi tan nan nimewo 1-855-766-7860** pou nou kapab korije dosye a.

REPONS

POU KESYON Si ou gen kesyon sou Fòm 1095-A, sou kredi taks oswa Tablo Pèman Asirans

OU YO la ki vin ak dokiman sa, **ale sou sitwèb**

<http://info.nystateofhealth.ny.gov/TaxCredits>, rele NY State of Health nan 1-855-766-7860, oswa rele Liy Èd Defansè Sante Kominote (Community Health Advocate) nan nimewo 1-888-614-5400.

Si ou gen yon kesyon konsènan fòm taks 1095-B oswa fòm 1095-C ou te ka resevwa, rele nimewo ki sou fòm sa yo.

Si ou gen kesyon konsènan Fòm 8962 oswa si ou gen lòt kesyon ki konsène taks, ale sou sitwèb **www.irs.gov**.

FASON POU UTILIZE TABLO KI VINI AK DOKIMAN SA A POU JWENN PRI PA MWA DEZYÈM PÈMAN ASIRANS PLAN AJAN KI PI BON MACHE A (SECOND LOWEST COST SILVER PLAN, SLCSP) POU FÒM 8962.

Etap 1.

Jwenn konte kote ou t ap viv pandan chak mwa nan ane 2024 lan.

Etap 2.

Jwenn tit kolòn (antravè) ki pi byen dekri asirans fanmi ou. Lis ki anba la a ap ede ou jwenn bon tit la. Asirans fanmi ou gen ladan tout moun ki sou taks lakay ou ki te enskri nan yon plan sante kalifye NY State of Health epi ki retire nenpòt moun ki te kalifye pou lòt asirans tankou: Medicaid, Child Health Plus, Plan Esansyèl la, Medicare Pati A oswa Pati C, TRICARE, avantaj nan Depatman Afè Ansyen Militè (Department of Veterans Affairs) ak pi fò asirans patwon patwone.

Etap 3.

Chwazi kantite dola nan kolòn ki anfas konte ou a. Kantite sa se pèman pa mwa Dezyèm Plan Ajan Ki Pi Bon Mache (Second Lowest Cost Silver Plan, SLCSP) ki aplikab pou konte ou ak asirans fanmi ou pou mwa sa.

Si ou te kite yon konte pou ale rete nan yon lòt pandan ane 2024 la, ou dwe chwazi pèman pa mwa pou chak mwa ou t ap viv nan chak konte. Epitou si asirans fanmi ou te chanje pandan ane 2024 lan, ou dwe chwazi pèman pa mwa ki apwopriye a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou ranpli fòm sa a, li Piblikasyon IRS 974 ak enstriksyon pou Fòm IRS 8962.

FANMI PWOTEKSYON OU GEN LADAN ... SÈVI AK KOLÒN...

OU MENM. Ou se sèl moun ki nan asirans fanmi ou.

MOUN

OU MENM plis MADANM/MARI OU. Ou menm ak madanm/mari ou nan menm asirans fanmi an.

KOUP

OU MENM plis MADANM/MARI OU. Ou menm ak madanm/mari ou enskri nan menm plan an **men youn nan nou te gen aksè ak lòt “asirans esansyèl minimòm” (minimum essential coverage, MEC), tankou asirans patwon ou bay la.**

MOUN

OU MENM plis PATNÈ NAN KAY OU*. Ou menm ak patnè nan kay ou enskri nan **menm** plan an men nou nan asirans fanmi ki diferan.

MOUN

MOUN + TIMOUN YO

OU MENM plis TIMOUN (YO). Ou menm ak timoun ou (yo) enskri nan menm plan an.

OU MENM plis TIMOUN (YO). Ou menm ak yon timoun enskri nan menm plan an **men timoun ou a te MOUN**
gen aksè ak lòt asirans esansyèl minimòm(minimum
essential coverage, MEC).

KOUP + TIMOUN YO
OU MENM, MADANM/MARI ou plis TIMOUN (YO).** Ou menm, madanm/mari ak timoun ou (yo) enskri nan menm plan an.

YON TIMOUN Sèlman. Timoun ou a poko gen laj 21
TIMOUN SÈLMAN ane
epi li enskri nan plan pa li.

* Si patnè ki nan kay ou fè pati taks kay ou an, ou ka itilize kolòn “KOUP” la nan plas kolòn “MOUN” la.

**Si patnè ki nan kay ou fè pati taks kay ou an, ou ka itilize kolòn “KOUP+TIMOUN” nan tou nan senaryo sa a.

Pèman pa Mwa pou Asirans ane 2024 la pou Dezyèm Plan Ajan ki pi Bon Mache yo (Second Lowest Cost Silver Plans, SLCSP), dapre tip Asirans Fanmi an

Tip Asirans:			Timoun ki poko gen 26 lane ki sou kont ou		Timoun ki gen ant 26 ak 29 lane ki sou kont ou		
Konte	Moun	Koup	Moun + Timoun(yo)	Koup + Timoun (yo)	Moun + Timoun(yo)	Koup + Timoun (yo)	Timoun Sèlman * Anba 21
Albany	\$593.26	\$1,186.53	\$1,008.55	\$1,690.80	\$1,058.98	\$1,775.34	\$297.88
Allegany	\$512.31	\$1,024.62	\$870.92	\$1,460.08	\$914.47	\$1,533.08	\$293.98
Bronx	\$804.21	\$1,608.43	\$1,367.16	\$2,292.02	\$1,409.13	\$2,362.37	\$340.29
Broome	\$589.38	\$1,178.76	\$1,001.95	\$1,679.74	\$1,052.05	\$1,763.73	\$351.76
Cattaraugus	\$512.31	\$1,024.62	\$870.92	\$1,460.08	\$914.47	\$1,533.08	\$293.98
Cayuga	\$589.38	\$1,178.76	\$1,001.95	\$1,679.74	\$1,052.05	\$1,763.73	\$351.76
Chautauqua	\$512.31	\$1,024.62	\$870.92	\$1,460.08	\$914.47	\$1,533.08	\$293.98
Chemung	\$589.38	\$1,178.76	\$1,001.95	\$1,679.74	\$1,052.05	\$1,763.73	\$351.76
Chenango	\$559.44	\$1,118.88	\$951.05	\$1,594.40	\$998.59	\$1,674.11	\$356.61
Clinton	\$771.44	\$1,542.89	\$1,311.46	\$2,198.63	\$1,313.66	\$2,202.31	\$337.24
Columbia	\$593.26	\$1,186.53	\$1,008.55	\$1,690.80	\$1,058.98	\$1,775.34	\$297.88
Cortland	\$589.38	\$1,178.76	\$1,001.95	\$1,679.74	\$1,052.05	\$1,763.73	\$351.76
Delaware	\$743.81	\$1,487.62	\$1,264.48	\$2,119.86	\$1,327.70	\$2,225.86	\$364.11
Dutchess	\$743.81	\$1,487.63	\$1,264.49	\$2,119.87	\$1,327.71	\$2,225.87	\$385.19
Erie	\$512.31	\$1,024.62	\$870.92	\$1,460.08	\$914.47	\$1,533.08	\$293.98
Essex	\$559.44	\$1,118.88	\$951.05	\$1,594.40	\$998.59	\$1,674.11	\$333.41
Franklin	\$559.44	\$1,118.88	\$951.05	\$1,594.40	\$998.59	\$1,674.11	\$356.61
Fulton	\$593.26	\$1,186.53	\$1,008.55	\$1,690.80	\$1,058.98	\$1,775.34	\$299.72

Genesee	\$512.31	\$1,024.62	\$870.92	\$1,460.08	\$914.47	\$1,533.08	\$292.49
Greene	\$593.26	\$1,186.53	\$1,008.55	\$1,690.80	\$1,058.98	\$1,775.34	\$299.72
Tip Asirans:	Moun	Koup	Timoun ki poko gen 26 lane ki sou kont ou		Timoun ki gen ant 26 ak 29 lane ki sou kont ou		Timoun Sèlman * Anba 21
Konte			Moun + Timoun(yo)	Koup + Timoun (yo)	Moun + Timoun(yo)	Koup + Timoun (yo)	
Hamilton	\$559.44	\$1,118.88	\$951.05	\$1,594.40	\$998.59	\$1,674.11	\$356.61
Herkimer	\$788.50	\$1,577.00	\$1,362.86	\$2,268.29	\$1,376.00	\$2,290.32	\$364.11
Jefferson	\$559.44	\$1,118.88	\$951.05	\$1,594.40	\$998.59	\$1,674.11	\$337.24
Kings	\$804.21	\$1,608.43	\$1,367.16	\$2,292.02	\$1,409.13	\$2,362.37	\$340.29
Lewis	\$559.44	\$1,118.88	\$951.05	\$1,594.40	\$998.59	\$1,674.11	\$337.31
Livingston	\$600.09	\$1,200.19	\$1,020.16	\$1,710.27	\$1,071.17	\$1,795.79	\$295.15
Madison	\$559.44	\$1,118.88	\$951.05	\$1,594.40	\$998.59	\$1,674.11	\$337.31
Monroe	\$600.09	\$1,200.19	\$1,020.16	\$1,710.27	\$1,071.17	\$1,795.79	\$295.15

Montgomery	\$688.06	\$1,376.12	\$1,184.76	\$1,979.78	\$1,196.31	\$1,999.15	\$333.41
Nassau	\$774.62	\$1,549.24	\$1,316.85	\$2,207.67	\$1,339.25	\$2,245.23	\$319.27
New York	\$804.21	\$1,608.43	\$1,367.16	\$2,292.02	\$1,409.13	\$2,362.37	\$340.29
Niagara	\$512.31	\$1,024.62	\$870.92	\$1,460.08	\$914.47	\$1,533.08	\$293.98
Oneida	\$559.44	\$1,118.88	\$951.05	\$1,594.40	\$998.59	\$1,674.11	\$337.24
Onondaga	\$589.38	\$1,178.76	\$1,001.95	\$1,679.74	\$1,052.05	\$1,763.73	\$351.76
Ontario	\$600.09	\$1,200.19	\$1,020.16	\$1,710.27	\$1,071.17	\$1,795.79	\$295.15
Orange	\$743.81	\$1,487.63	\$1,264.49	\$2,119.87	\$1,327.71	\$2,225.87	\$385.19
Orleans	\$512.31	\$1,024.62	\$870.92	\$1,460.08	\$914.47	\$1,533.08	\$293.98
Oswego	\$559.44	\$1,118.88	\$951.05	\$1,594.40	\$998.59	\$1,674.11	\$333.95
Otsego	\$802.86	\$1,605.71	\$1,401.11	\$2,334.37	\$1,414.25	\$2,356.40	\$364.11
Putnam	\$743.81	\$1,487.63	\$1,264.49	\$2,119.87	\$1,327.71	\$2,225.87	\$385.19
Queens	\$804.21	\$1,608.43	\$1,367.16	\$2,292.02	\$1,409.13	\$2,362.37	\$340.29
Tip Asirans:	Moun	Koup	Timoun ki poko gen 26 lane ki sou kont ou		Timoun ki gen ant 26 ak 29 lane ki sou kont ou		Timoun Sèlman * Anba 21
Konte			Moun + Timoun(yo)	Koup + Timoun (yo)	Moun + Timoun(yo)	Koup + Timoun (yo)	
Rensselaer	\$593.26	\$1,186.53	\$1,008.55	\$1,690.80	\$1,058.98	\$1,775.34	\$294.19
Richmond	\$804.21	\$1,608.43	\$1,367.16	\$2,292.02	\$1,409.13	\$2,362.37	\$340.29
Rockland	\$825.97	\$1,651.94	\$1,404.16	\$2,354.02	\$1,474.36	\$2,471.73	\$390.94
Saratoga	\$593.26	\$1,186.53	\$1,008.55	\$1,690.80	\$1,058.98	\$1,775.34	\$297.88
Schenectady	\$593.26	\$1,186.53	\$1,008.55	\$1,690.80	\$1,058.98	\$1,775.34	\$297.88
Schoharie	\$689.79	\$1,379.58	\$1,188.17	\$1,979.89	\$1,199.72	\$1,999.26	\$333.41
Schuyler	\$589.38	\$1,178.76	\$1,001.95	\$1,679.74	\$1,052.05	\$1,763.73	\$351.76
Seneca	\$600.09	\$1,200.19	\$1,020.16	\$1,710.27	\$1,071.17	\$1,795.79	\$295.15
St. Lawrence	\$559.44	\$1,118.88	\$951.05	\$1,594.40	\$998.59	\$1,674.11	\$356.61
Steuben	\$589.38	\$1,178.76	\$1,001.95	\$1,679.74	\$1,052.05	\$1,763.73	\$351.76
Suffolk	\$774.62	\$1,549.24	\$1,316.85	\$2,207.67	\$1,339.25	\$2,245.23	\$319.27

Sullivan	\$743.81	\$1,487.63	\$1,264.49	\$2,119.87	\$1,327.71	\$2,225.87	\$385.19
Tioga	\$589.38	\$1,178.76	\$1,001.95	\$1,679.74	\$1,052.05	\$1,763.73	\$351.76
Tompkins	\$854.15	\$1,708.31	\$1,452.06	\$2,434.35	\$1,480.40	\$2,481.85	\$388.74
Ulster	\$743.81	\$1,487.63	\$1,264.49	\$2,119.87	\$1,327.71	\$2,225.87	\$385.19
Warren	\$593.26	\$1,186.53	\$1,008.55	\$1,690.80	\$1,058.98	\$1,775.34	\$297.88
Washington	\$593.26	\$1,186.53	\$1,008.55	\$1,690.80	\$1,058.98	\$1,775.34	\$299.72
Wayne	\$600.09	\$1,200.19	\$1,020.16	\$1,710.27	\$1,071.17	\$1,795.79	\$295.15
Westchester	\$825.97	\$1,651.94	\$1,404.16	\$2,354.02	\$1,427.01	\$2,392.35	\$342.43
Wyoming	\$512.31	\$1,024.62	\$870.92	\$1,460.08	\$914.47	\$1,533.08	\$293.98
Yates	\$600.09	\$1,200.19	\$1,020.16	\$1,710.27	\$1,071.17	\$1,795.79	\$295.15

* Kantite lajan pa Mwa pou Pèman Asirans Timoun Sèlman an se pri pou chak grenn timoun, jiska twa (3) timoun, pou timoun ki poko genyen 21 lane. Si se yon sèl timoun ki nan asirans kay la, itilize Kantite Lajan pa Mwa pou Pèman Asirans nou mansyone a. Si se sèlman de(2) timoun ki nan asirans kay la, multipliyè Kantite Lajan pa Mwa pou Pèman Asirans pou yon Timoun Sèlman an pa de(2). Si se twa timoun ki nan asirans kay la, multipliyè Kantite Lajan pa Mwa pou Pèman Asirans pou yon Timoun Sèlman an pa twa(3).

AVI KONSÈNAN RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON

Depatman Sante nan Eta Nouyòk respekte lwa federal anrapò ak dwa sivil ak lwa eta yo, epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi doriijin, kwayans / relijyon, sèks, laj, sitiyaasyon matrimonyal / sitiyaasyon fanmi, andikap, kondisyon ki gen rapò ak gwosès, dosye arestasyon, kondanasyon kriminel (yo), idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik jenetik predispozan, kondisyon militè, viktim vyolans domestik ak / oswa vanjans.

Si ou panse NY State of Health fè diskriminasyon avèk ou, ou kapab depoze yon plent nan: www.health.ny.gov/regulations/discrimination_complaints/ oswa voye imèl bay Diversity Management Office nan DMO@health.ny.gov.

Ou ka depoze plent dwa sivil tou nan Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal, Biwo pou Dwa Sivil Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights) pa mwayen elektwonik nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/smartscreen/main.jsf> oswa pa lapòs oswa rele U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, SW, Room 509F, HHH Building, Washington, D.C. 20201; 1-800-368-1019 (TTY: 1-800-537-7697). Fòm pou plent yo disponib sou www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html.

Aranjman

NY State of Health ofri èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap pou kominike avèk nou byen, tankou:

- Telefòn tèks Telefòn (Text Telephone, TTY)atravè Sèvis Relè nan New York
- Si ou avèg oswa ou gen gwo pwoblem vizyon epi ou bezwen avi yo oswa lòt materyèl ekri nan yon lòt fòm (gwo ekriti, odyo oswa done nan CD, oswa Braille), kontakte nou nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).

NY State of Health ofri sèvis asistans lang gratis tou pou moun Anglè pa lang natifnatal yo, tankou:

- Entèprèt kalifye
- Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis sa yo oswa pou plis enfòmasyon pou Aranjman ki Rezonab, tanpri rele nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).